

MEMORANDÒM

POU : Komite Skolè Boston

YON MESAJ : Jill Carter, Asistan Sipèentandan, Sante ak Byennèt (Health & Wellness), Ko-Prezidan Konsèy Byennèt Distri a (DWC)
Jenifer Lo, MD (Doktè), Direktris Medikal, BPHC (Komisyon Sante Piblik Boston), Ko-Prezidan Konsèy Byennèt Distri a (DWC)

KOPI POU : Sipèentandan, Brenda Cassellius
Chèf Kabinè, Mary Dillman
Konseye Prensipal, Megan Costello

DAT LA : mèkredi, 4 out, 2021

OSIJÈ : Rapò Anyèl sou Regleman Distri a sou Afè Byennèt pou Ane Skolè 2019-2020

Konsèy Byennèt Distri a (DWC) genyen obligasyon pou l evalye konfòmite a Regleman Distri a sou afè Byennèt chak ane, altènativman ant evalyasyon anyèl kalitatif e kantitatif. Rapò kantitatif ki vin ansanm avèk lèt sa a genyen ladan l :

- Orijin, objektif, ak metòd yo pou rapò sa a ;
- Metrik yo (done yo) sou nivo distri a ak nivo lekòl yo pou evalye enplemantasyon chak nan uit domèn regleman yo sou byennèt, ak egzijans yo pou konsèy byennèt distri a ak konsèy byennèt lekòl yo pou ane skolè 2019-2020 ;
- Metrik sou sante elèv ak sante konpòtmantal ki sot nan Sondaj sou Konpòtman Danjre Jèn yo (YRBS), baz done SNAPNurse, ak Sondaj sou Klima Lekòl 2020 an ;
- Yon diskisyon sou pwogrè enplemantasyon regleman yo ak obstak kle kont siksè nan afè lekòl ki anrapò avèk sante (sètadi obesite [lè yon moun twò gra], sante seksyèl, azma [opresyon], ak sante konpòtmantal e mantal) ; ak
- Rekòmandasyon pou mentni e amelyore enplemantasyon Regleman BPS yo pou afè Byennèt.

Nan yon ane skolè kote ke nou te fè fas ak yon kriz sante piblik mondyal ki te genyen yon gwo enpak sou kominote lokal nou an, li esansyèl pou n pran tan pou n egzamine kòman nou pran angajman nou nan domèn regleman ak pratik byennèt, kòman nou te adapte nou a defi pandemi COVID-19 la, ak kòman nou pral devlope plis tout apwòch ki te arrive reyisi yo, dekwa pou n kapab ede lekòl nou yo retounen, rekipere, e reyimajine yon meyè fason pou n avanse. Depatman Lekòl Piblik Boston yo (BPS) jiskaprezan jwenn siksè nan tout domèn regleman yo, e lekòl yo te travay atravè konsèy byennèt yo pou mete regleman distri a sou pye nan bilding lekòl yo. Genyen kèk investisman ki te fèt nan amelyorasyon enfrastrikti ak ogmantasyon manm pèsònèl pou founi divès sèvis sipò ; kounye a li tan pou distri a envesti nan ansèyman ki konsidere tout aspè lavi yon timoun. Nou dwe amelyore founisman edikasyon sante ki aliye sou standa e ki baze sou konpetans, epitou ogmante founisman aprantisaj sosyal emosyonèl atravè edikasyon sante, edikasyon fizik (spòtif), atizay, epi entegre yo nan divès lòt domèn akademik. Rapò sa a montre kòman sante elèv ak sante lekòl BPS yo avanse travay plizyè depatman ak biwo pou yo kowòdone ansanm nan tout domèn regleman yo pou founi lekòl yo avèk sipò epi founi elèv yo avèk sipò dirèk. Nou dwe asire ke distri a kontinye abòde obstak aprantisaj ki aranpò ak sante ki pa anrapò ak bagay akademik (afè etid lekòl) atravè yon apwòch ki pran an konsiderasyon Tout Aspè yon Lekòl, Tout Aspè yon Kominote, ak Tout Aspè Lavi yon Elèv.

Selon lalwa federal ak lalwa eta a, rapò anyèl sa a dwe prezante bay Sipèentandan an ak Komite Skolè Boston BPS la, e nou dwe soumèt li bay Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la

(DESE), e nou dwe fè l disponib a piblik la. N ap voye rapò a bay DESE an Otòn 2021 kòm pati Revizyon Administratif Sèvis Manje ak Nitrisyon yo. Rapò sa a pataje avèk gran piblik la sou sit entènèt Lekòl Piblik Boston an ak nan Reyinyon Konsèy Byenèt Distri a yo e avèk konsèy paran distri a.